# Tànk-ndànk

WOLOF

CI

Jéego 2

Téere 3



République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 2 Téere 3

Édition 2018
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Cuuj, bari wax. .......... 4

Xeex mbalit mi ci ekool bi .......... 12

Set-setal .......... 20

Rabi àll yi .......... 28

Mala yi ak mbalit mi .......... 36


# Cuuj, bari wax



Dafa amoon genn kër gu bare bàyyima.
Ginaar gi fa dëkkoon am ab cuuj.
Cuuj ba nag dafa sob, bari wax.



Benn bés, mu dem ci mbaaru bàyyima yi.
Mu jubal ca Fas, sukk nuyu ko.
Mu ne ko : « Nijaay, nu sa doom tudd. »



Fas ne ko : « Xanaa mol. »
Mu laaj ko ndax dina jooy.
Fas ne ko : « Ãhakay, dafay ŋexal. »



Cuuj daldi dem ci Yaay Nag fóon ko.
Mu ne ko : « Yaay Nag luy sa turu doom. »
Yaay Nag ne ko « Sëllu la tudd. »




Cuuj laaj ko : « Suy jooy, nu muy def. »
Yaay Nag ne ko : « Dafay nàññ ni man. »



Cuuj dem ci Mbaam laaj
ko moom itam.
Mbaam ne ko : « Cumbur
la sama doom tudd. »
Mu dolli ca ne : « Doomu
mbaam dafay ŋaax. »



Cuuj fekki Xar ak Béy mu laaj leen.
Xar ne ko mbote, Béy ne ko tef.
Mbote ak tef dañuy meem
naan « mbee ».



Cuuj di waxtu ne : « Waaw man nag ? »
Baayam ne ko : « Yow dangay def cuk, cuk, cuk. »

# Xeex mbalit mi ci ekool bi




Sunu ekool dafa am ren direktiris
bu bees.
Mu ngi tudd Madam Sidibe.
Madam Sidibe nag dafa njaxlaf
lool te set.



Bi mu egsee, dafa fekk ekool bi tilim. Ruq yi ak ëtt bi fees ak mbalit. Madam Sidibe daadi dajale muse ak madam yépp.



Mu ne nanu defar te setal
sunu ekool.
Ñépp ànd ci, booloo bég lool.
Elewi ekool bi yépp ñu dajale leen.



Def nañu leen ay pàcc.
Ñépp sol lu leen di aar.
Am na itam ay waajuri
elew yu ñëwoon.



Ñii di for mbalit mi, ñeneen ñiy tànn.
Nu gis mbalit mi bare desiti lekk.
Këyit ak palastig tamit bare nañu ci.



Bi nu noppee liggeey,
ekool bi di melax.
Nuy seet pexe muy tax mbalit
dootul jalu.
Ñu yee xale yi, ci setalu béreb yi.



Meeri bi may nanu ay pubel.
Midi lanuy for mbalit mi def ci pubel.
Ñu digle ne, bu kenn sànneeti ci suuf.



Espektëer ñëw na seetsi ekool bi.
Dafa bég lool ci ni mu sete.
Espektëer jox elew yi lijaasa, kaye
ak i téere.

# Set-setal



Suba lañuy bër ci njàng mi.
Xale yi bëgg nañu setal seen i kalaas.
Direktiris ne, dinanu neexal
bi gën a set.



Xale yi indi peel, bale, rato ak siwo.
Direktiris joxe omo ak oddsawel.
Xale yi sawar lool ci liggeey bi.



Meetar bu nekk séddale ay ndongoom.
Benn pàcc bi dafay wis ndox, bale.
Beneen bi dafay dindi lënd yi, raxas.



Ñeneen ñi setal ginnaaw ak kanamu kalaas yi.
Ku nekk ànd ak cawarte,
di set-setal.
Nees tuuti, kalaas yi ak ëtt bi set.



Ñii di fecc, ñeneen ñi di tàccu.
Direktiris, meetar yi ak waajur
yi di seetaan.



Fukki waxtu ak ñett jot na.
Ñépp daje ci ëtt bi.
Direktiris bég lool ci liggeey bi.



Mu fas yéene joxe raaya kalaas
bi gañe.
Ñépp ànd nañu nag ci genn kàddu.
Kalaas bu ndaw bi moo gën a set.



Ñu jox leen seen kub,
bégal leen lool.
Sabar gi door, xale yi bég lool.
Ñuy woy di tëgg ànd ak seen
madam.

# Rabi àll yi



Lëg dafa ne : « Maa gudd nopp.
Ku ma joŋanteel raw naa la.
Damay lekk ñax ak karoot. »



Bukki ne : « Yàpp laay dunde,
bañuma médd.
Taamu naa rëbbi guddi ci biir
àll bi. »




Ñey ne : « Rëy naa, bare doole.
Samay nopp dañu yaatu lool.
Ñax laay dunde, aka neex. »



Njamala ne : « Maa sut ci mala yi.
Lu garab gudd gudd ñam naa la.
Ku lewet laa te bare jàmm. »



Golo di gaññ ak a wëndeelu ci suuf.
Mu ngi wokkatu, di ŋelaju.
Rab yépp di ko ree.



Jasig ne : « Maa mën ci dex.
Ku ci repp ba song ma des fa.
Bu ma lekkee ba suur, tëdd nelaw. »



Gaynde  ne : « Bu ma ŋaree,
àll bi riir.
Kenn duma jege,
damay daagu ndànk.



Gaynde bëggul mbuum,
yàpp lay dunde.
Buuru àll ñëw na, ku weddi
neel piib. »

# Mala yi ak mbalit mi



Mala yi bale nañu dëkk bi mu set.
Amatul fenn fu tilim.
Tuuri nañu mbalit mi.



Mala yi dañu nangu setal, kaña bañ.
Xaj fekk mbalit mi tege, mu tuur ko.
Muus këf mbuusu mbalit mi, tasaare ko.



Naat ak Ginaar di xëccoo
desitu ñam.
Xar ne mbee, muus ne ŋeew.
Xaj di baw, sikket di meem.



Nag laaj lu waral coow lii muy dégg.
Seku ne : « Du kenn ku dul kaña.
Guddi lay génn, tuur mbalit yi,
daw làqu. »



Xaj ne : « Dama xiif, romb
daxin gu tuuru.
Muus ubbi póll bi ndax jën a xeeñ.
Lii moo tax mbalit mi tuuru. »



Naat ak Ginaar ñoo doon dajale desit yi.
Nag fàttali leen feebar ba feeñoon ndax mbalit.
Lenn waralu ko woon lu dul tilim.



Ñépp nangu li Nag wax,
joxante loxo.
Noonu, Kaña génne ca pax ma
mu nekkoon.
Mu ne dañu sonal lool ay doomam.



Looloo tax, mu bëggoon
a fayu.
Waaye, mu ne, li dale tey,
dootul tilimal.
Ñoom ñépp déggoo nañu
ci xeex tilim.

Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN